
Coronavirus CivActs Campaign presents

CIVIC ACTION TEAMS

# FAIR FACTS

अंक
११५

५।०४।२०७८



## काभ्रेको नमोबुद्ध नगरपालिकाको प्रमुख कोरोना संक्रमितको अवस्था बुझ्न नगरपालिका सँ चलारहल आईसोलेशनमे । ओई नगरपालिकाके वडा नं ४ क्षेत्रमे संक्रमण बढल कहैत पूर्ण रुपमे बन्द कएलगेल छै ।

*तस्विर: रोजन तामाङ*



खोप केन्द्रसभमे कोरोना विरुद्धके खोप लगाबवलासभके अत्याधिक भीड । सर्वसाधारण सँ शिकायत बढलाके बाद प्रधानमन्त्री द्वारा खोप अभियान व्यवस्थित बनाब मुख्य सचिव आ स्वास्थ्य सचिवके निर्देशन ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर


**भरतपुर महानगरपालिकाके कोभिड सँ सम्बन्धित शिर्षकमे कमे बजेट बिनियोजन ।**

स्वास्थ्य क्षेत्रमे महानगरद्वारा जम्मा बजेटके १.८७% बजेट मात्रे छुट्याओलगेल छै ।

---

**जोन्सन एण्ड जोन्सनके खोप सुरक्षित नै भेल कहिक भेल हल्ला कि छै ?**

अखनतक उपलब्ध प्रमाणसँ खोप आ गीयान बार्रे सिन्ड्रोमके जोखिम बीच प्रत्यक्ष सम्बन्ध रहल नै देखाएल छै ।

---

**बाहिरी जिलासँ आबवलासभ आब आसानी सँ काठमाण्डौ उपत्यका प्रवेश कर पाओत कहादन ।**

स्थानीय पालिका या प्रशासन कार्यालयके सिफारिस अनिवार्य कएलगेल छै ।


# फयाकट सिट

## भरतपुर महानगरपालिकाके कोभिड सँ सम्बन्धित शिर्षकमे कम बजेट बिनियोजन

जम्मा बजेट

**४ अर्ब ८० करोड**





कोभिडसँग सम्बन्धित बिनियोजन **५.६%**



स्वास्थ्य क्षेत्र

**९ करोड**





कोभिड कोष

**१ करोड ९० लाख**




क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन

**५० लाख**



कृषिमा आधारित नवप्रवर्तनकारी व्यवसाय अनुदान

**८ करोड ७० लाख**




न्युन आए भएका समुहका लागि लक्षित कार्यक्रम

**८ करोड ७० लाख**

युवाका लागि रोजगार सृजना गर्ने कार्यक्रमका लागि

**३ करोड ५० लाख**



भरतपुर महानगरपालिकाद्वारा हालसाले आर्थिक वर्ष २०७८/७९ के लेल वार्षिक बजेट पारित कएलगेल छै । महानगरपालिकाद्वारा अगिला आर्थिक वर्षके लेल जम्मा ४ अर्ब ८१ करोड १२ लाख बजेट बिनियोजन केने छै । नेपालेके प्रमुख मे सँ एक व्यापारिक केन्द्र रहल भरतपुर महानगरसँ कोभिड प्रतिकार्यके प्राथमिकतामे रखनाई स्वाभाविके छै । आरो पालिका जहिना ऊ सेहो कोभिड प्रतिकार्यके बजेटके मुख्य उद्देश्यमे रखने छै, लेकिन वास्तविक विनियोजनमे ई कतौ नै देखाईत छै । स्वास्थ्य क्षेत्रमे महानगरसँ जम्मा बजेटके १.८७% बजेट छुट्याओलगेल छै । तहिना कलक, आकस्मिक कोभिड कोषमे ०.३९% आ क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनमे ०.१% बजेट छुट्याओलगेल छै । तहिना कलक, युवाके लेल रोजगार उत्पन्न करवला कार्यक्रम आ कृषिपर आधारित नवप्रवर्तनकारी व्यवसाय अनुदानमे कतो भी कोभिड प्रभावित परिवारके लेल कहिक उल्लेख नै कएलगेल छै । एना देखलापर बजेटके उद्देश्य आ विनियोजनमे खासे तालमेल नै देखाईत छै ।

स्रोत: https://www.swc.org.np/sites/default/files/suchana/FlashReport_infograph_July%209.pdf

# हल्ला आ तथ्य

जोन्सन एण्ड जोन्सनके खोप सुरक्षित नै भेल कहिक भेल हल्ला कि छै ?

अमेरिकाके दवाईके देखरेख करवला निकायद्वारा जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप सँ स्नायु प्रणाली सम्बन्धी गीयान बर्रे सिन्ड्रोम (Guillain-Barre Syndrome) के जोखिम बढाब सकत कहिक जानकारी देलाके बाद ई हल्ला फैलल छै । लेकिन, अखनतक उपलब्ध प्रमाणसँ खोप आ गीयान बर्रे सिन्ड्रोमके जोखिम बीच प्रत्यक्ष सम्बन्ध रहल नै देखाएल छै । साथे ऊ ई खोप लगेला सँ जोखिम सँ बेसी फाईदा रहल सेहो कहने अछि । नेपाल सरकार सेहो एहन हल्लाके पाछु नै लाग आग्रह केने अछि ।

Source: https://cutt.ly/mmVz9kn

हमरासभके पहिल खोप लगेनहे चारि महिना बित गेल, दोसर खोप लगावके कोनो अतापता नै छै । अखन फेर कोन कोन खोपके पहिल मात्रा कहिक सुनैत छि । सरकार सबके एक मात्रा खोप लगाक फुसलाब त नै खोजिरहल छै ?

कोभिशिल्डको पहिल मात्रा खोप लगेने ६५ वर्ष उपरके सब आदमीसभके लेल दोसर मात्रा खोपके व्यवस्था भलचुकल आ किछे दिनमे खोप प्राप्त भल खोप उपलब्ध कराएल जेतै से स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनतब देने अछि । तहिना कलक, आबवला साउन ६ गते सँ चीनसँ किनल गेल अतिरिक्त खोप सेहो एतै आ साउन १५ गते भितर कम्तीमे ३२ टा खोप सेहो आयत कहिक सरकार जनौलक अछि । आब खोप लगातार आबके प्रकृयामे रहलाके कारण पहिल मात्रा लगेने सभ सेहो दोसर मात्रा समये पाओत कहिक सरकार जनतब देने अछि ।

Source: https://cutt.ly/EmVqfL6

बाहिरी जिलासँ आबवलासभ आब आसानी सँ काठमाण्डौ उपत्यका प्रवेश कर पाओत कहादन । कि आब सिफारिश सेहो नै चाही ?

अत्यावश्यक काम विशेषसँ काठमाण्डौ उपत्यका प्रवेश करवला सार्वजनिक तथा निजी सवारी साधनसभके आवाजाही कर देत कहने अछि । विशेष कलक परीक्षा देवपरवला विद्यार्थीसभके आसानी होई कहिक ई सुविधा देलगेल छै । लेकिन, अईके लेल स्थानीय पालिका या प्रशासन कार्यालयके सिफारिस अनिवार्य कएलगेल छै ।

Source: https://cutt.ly/gml3tjX

# कोभिड - १९ के समयमे शव व्यवस्थापन

## समुदायद्वारा शव व्यवस्थापनमे अवरोध

COCAP

फेब्रुअरी २०२०

शव व्यवस्थापनमे अवरोध करैत
**१४** घटना दर्ता

मे २०२१




*स्पष्टिकरण: ई आँकडा अनलाईन मिडिया, राष्ट्रिय दैनिकसभ, जिल्ला स्तरमे प्रकाशित होबवला पत्रपत्रिकासभ आ नेपाल प्रहरीके वेवसाईटसँ संकलन कल एकिकृत कएलगेल छै । तै, अई सँ वास्तविक आँकडा सँ बेसी निर्धारित समयमे सम्बन्धित घटनाके प्रवृतिके उजागर करैत अछि ।*

कोभिड - १९ के कारण मृत्यु भेल आदमीके शव व्यवस्थापन करके सम्बन्धमे शुरुवाती अवस्था सँ असहज रुपमे आगु आएल छै । सरकारद्वारा २०७६ चैत्र २५ गते कोभिड - १९ के कारण मृत्यु भेल आदमीके शव व्यवस्थापन सम्बन्धी कार्यविधी पारित केने छलै । २०७७ आश्विन २५ गते एकर दोसर संसोधन सेहो पारित भऽ लागु भऽचुकल छै । लेकिन, अखनो तक समुदाय स्तरसँ शव व्यवस्थापनमे अवरोध केनाई नै रुकल छै । समुदायमे संक्रमण होब सकैय कहिक परिवारके सदस्यसभ अपनलोकक दाहसंस्कारमे सहभागी होब नै पाओल १४ टा घटनासभ बाहर आएल छै । विश्व स्वास्थ्य संगठन सेहो शव दहन के बाद संक्रमण होबके सम्भावना एकदमे कम रहल जनौलक अछि । जँ मापदण्डके पालना करबै त एहन अवरोध आ विरोध करके जरुरते नै परतै । लेकिन, समुदायमे चेतनाके अभावमे एहन घटनासभ घटिरहल छै । बेसी जेहन घटनासभमे शव एम्बुलेन्सेमे राखल गेल छै या व्यवस्थित रुपमे व्यवस्थापन नै कएलगेल छै । अई सँ कार्यविधीमे कहल अनुसार, मृतकके शवके अन्तिम संस्कार नै भेलातक शव व्यवस्थापनके जिम्मा सम्बन्धित अस्पतालके लेव परत कहिक उल्लेख कएलगेल बातके सिधे उल्लंघन करैत छै । तै, कार्यविधीमे कहल अनुसार अपनलोकसभके मापदण्ड अनुसार अन्तिम संस्कारमे सहभागी कराब आ शव व्यवस्थापनके उचित अनुगमन कर सरकारके ध्यान देब परत ।

Source: https://nepalmonitor.org/

# श्रमिक संगी

Shramik Sanjal

## मध्यपूर्वके देशमे ईद शुरु भेल छै । हमरासभके सब मित्रसभमे ईद मुबारक

### यूएई:



- अबुधावीमे मल, सिनेमा, रेस्टुरेन्ट तथा सार्वजनिक जगहसभपर निश्चित क्षमता अनुसार मात्रे उपस्थित होब पाओत । जै अनुसार,
  - सपिङ मल : ४० प्रतिशत
  - समुन्द्र किनारा, स्वीमिङ पुल, रेस्टुरेन्ट, सार्वजनिक क्षेत्र : ५० प्रतिशत
  - सिनेमा : ३० प्रतिशत
- छह कोई अटवला ट्याक्सीमे ३ कोई मात्रे यात्रा कर पाएब ।
- ईदके अवसरमे अबुधावी लगायत यूएईके प्राय:जेहन ईमिरेट्समे टोल गेट तथा पार्किङ शुल्क नि:शुल्क कएलगेल छै ।
- ईदके छुट्टीमे कोभिड-१९ के खोप केन्द्रसभ बन्द रहतै ।
- अबुधावीमे सेहाद्वारा दोसर कोभिड-१९ ड्राईव थ्रु सेन्टर खोलने छै ।
- अबुधावीमे राष्ट्रिय नि:संक्रमण कार्यक्रम २० जुलाई सँ फेर शुरु कएल जेतै ।
- यूएई सँ - भारत, बंगालादेश सँ स्थगित उडान जुलाई ३१ तकके लेल आगु बढाएलगेल छै । अखनके सूचनामे नेपाल सामिल नै छै । दोसर सूचना नै एलापर जुलाई २१ के बाद नेपाल सँ यूएईके उडान होबवला बातमे आशावादी होब सकैछी ।

### कुवेत:

- कुवेतमे ईदके छु ि शुरु भेल छै । २५ तारिख सँ मात्रे सरकारी कार्यालयसभ खुलतै ।
- वैदेशिक रोजगारीके लेल भिषा भेलसभके साउन ४ गतेसँ जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप देल जेतै । बहुतोरास स्थानीय तहसभ एकर सूचने प्रकाशित केने छै त श्रमिकसभ नजिकके स्वास्थ्य कार्यालयमे जाळक अपन भीषा देखाक खोप लगाब पाओत ।
- कोभिड भ्याक्सिनके प्राथमिकता दैत बडका् बडका शिविर सभमे घुम्ति खोप टोली पहुचाएल जारहल छै ।
- १२ सँ १५ वर्षके धियापुताके खोप देनाई शुरु कएलगेल छै ।

### कतार:

- अखनके ईदके छुटट्ीमे नेपाली दूतावास बन्द छै । साथे आपतकालिन सेवाके लेल ३३५६०११७ मे सम्पर्क कर सकै छि से जनाओल गेल छै ।
- तैयार भलक आ दुतावासमे आबिचुकल राहदानी जुलाई २२ तारिख दिनके ९ बजे सँ १२ बजे तक वितरण हेतै से जानकारी दूतावास देने अछि ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

# खिस्सा किनाराके

## कोरोना मुक्त भेल खुशियालीमे गाँछ रोपवला हरित अभियन्ता

हेमन्तराज काफ्लेके नेपालगञ्जवासीसभ हरित अभियन्ताके रुपमे चिन्हैत अछि । ऊ पेशा सँ शिक्षक आ पत्रकार सेहो छथि । नेपालगञ्ज कोरोनाके केन्द्र बिन्दु बनलापर हुनका कि कब केना करब कहिक अकुलाहट भेलै । जिम्हर देखु तिम्हरे अक्सिजनके अभाव । अस्पताल रोगीसभ सँ खचाखच । ऊ टुकुर टुकुर देखक नै रह सकलैथ । एक जिम्मेबार नागरिकके जिम्मेबारी संकटमे दोसरके सहयोग केनाई छै कहिक मनन कल "१ हजार अस्पतालके लेल" अभियान शुरु केलैथ । अभियान केलाके किछे दिनमे बढिया सहयोग जुटलै । ओई सँ उठल पैसा सँ ५ लाख बेसीके स्वास्थ्यके सामान जोडीक भेरी अस्पतालके हस्तान्तरण केलैथ ।

> **किछ आदमीसभ "मांगिक काम चलाबवला" जेहन अभिव्यक्ति सेहो देलैथ, लेकिन हुनका संगेँ विपैत परल बेरमे एक मुठि चाउर सेहो बडका सहयोग होईछै" कहवला संगीसभ सेहो छलैथ । जे हुनका प्रेरित करैत रहल ।**





एहि बीचमे हुनकर दिदी सेहो कोरोना संक्रमित भेलिह । हुनका संगे रह परलै । ओई समय ऊ आरो दर्दनाक दृष्यसभ देखलैथ । लगैत छलै जेना सबके श्वास चिकित्सक आ नर्समे अटकल छलै । चिकित्सक आ नर्सके बाहर निकललापर ऊसभ लळरहल श्वास सेहो हुनकेसभसंगे निकैल जेतै । हुनकासभलग सेहो दोसर विकल्प नै छलै । रोगीसभके चित्कार आ चिकित्सक आ नर्सके प्रतिक्षा केनाई हुनकर दिनचर्या बनलै । दिदीसंगे रहलापर हुनका किछ समयमे गर्दन दुखेनाई जेहन समस्या सँ ग्रसित भेलाह । चिकित्सकके सल्लाह अनुसार घरेमे रहलाह ।

लक्षण देखेलाकेबाद पिसिआर परीक्षण केने काफ्लेके सेहो कोरोना पोजिटिभ देखेलै । हुनकर अवस्था कष्टकर छलैहे, लेकिन, अस्पतालके भयावह अवस्था देखने काफलेके अस्पतालमे रहके हिम्मत नै भेलै । लम्बा समय घरेमे एकान्तवासमे रहतै अन्ततः ऊ कोरोना मुक्त भेलाह । संक्रमण मुक्त भेल दिन ऊ खुशियालीमे घरके प्रांगणमे एकटा गाँछ रोईपक सबके सुस्वास्थ्यके कामना केलैथ । हरित अभियन्ता हेमन्त राज काफले वितल लम्बा समय सँ ई अभियान चलारहल छैथ, लेकिन कोरोनाके दोसर लहरमे भेल अक्सिजनके अभाव खढकलाके बाद आरो अई अभियानमे जोडतोड सँ लागल छैथ ।

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात



## डा. बाचस्पति सुवेदी


इमर्जेन्सी फिजिसियन,
गण्डकी मेडिकल कलेज, पोखरा

पहिल लहरमे जनशक्तिके अभाव भेलाके बादो दोसर लहरके बाद पर्याप्त जनशक्तिके कारण सप्ताहमे ४ दिन डियुटी केलापर होईछै । लेकिन, महामारी उत्कर्षपर पहुचल बेरमे एकटा ६/७ वर्षके बच्चा आबिक डाक्टर अंकल हमर बाबुजीके कहुना बचाँ दिय कहिक कहने आवाज आईयो हमरा घरमे नै रह दैय । अखन सरकार निषेधाज्ञाके ढिला बनेलाके बाद अस्पतालमे फेर कोभिडके रोगी बढल छै । अपना परलापर मात्रे एकर पीडा महसुस होईछै । तै सँ अपने सतर्कता अपनेनाई बुद्धिमानी हेतै ।

लकडाउनके कारण सँ सब आदमीसभ घरेमे रहके लेल बाध्य भेल आ कामके सिलसिलामे बाहर गेलसभ समेत घर फिर्ता आएल । जै सँ अई समयमे अनिच्छित गर्भ रहके समस्या सँ सब सँ बेसी जनानीसभके मानसिक तनाव दरहल छलै । अईबातके ध्यानमे रखैत हमसभ अई समयमे विशेष कलक परिवारनियोजनके साधनसभ सबके सहज पहुचमे होई कहिक काम केलौ । हमरासभके स्वास्थ्य केन्द्रमे आब नै सकलसभके हुनकर घरआँगनमे पहुँचक समेत सेवा दलरहल छी । अखन हमरासभके ई छोट प्रयास सँ बहुते जनानीसभ अनिच्छित गर्भ सँ बचल छथि ।

## मिना राना

अनमी, घोड्सुवा शहरी स्वास्थ्य केन्द्र,
धनगढी, कैलाली



# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्र स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्र नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।



Brought to you by:

accountabilitylab communities

### DISCLAIMER

*अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।*


**REACH OUT TO US ON**

@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219